



Pou Piblikasyon Imedya: 23/01/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO FÒS ENTÈVANSYON ENTÈ-ETA SOU ZAM ILEGAL, SA GEN LADAN PATENARYA AVÈK MAJISTRA ADAMS AK NYPD, PRAL RANKONTRE SEMÈN SA

Lapolis Eta New York, NYPD, ATF ak plis pase 50 reprezantan lapolis nan nèf Eta nan nòdès pral rankontre semèn sa pou pataje done ak resous pou mete fen nan sikilasyon zam ilegal

Nan ajenda Eta 2022 li a, Gouvènè Hochul te anonse plan pou kreye Fòs Entèvansyon Entè-Eta yo sou Zam Ilegal epi travay avèk Majistra Adams ak Gouvènè Adjwen Benjamin sou sekirite piblik

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke premye reyinyon nouvo Fòs Entèvansyon Entè-Eta sou Zam Ilegal yo, sa gen ladan yon patenarya avèk Majistra Eric Adams ak NYPD, pral fèt nan mèkredi. Fòs Entèvansyon Entè-eta sou Zam Ilegal yo ap pote ansanm responsab lapolis yo depi nan nèf eta nan nòdès pou atake pwoblèm zam ilegal ijan yo k ap kontribiye nan vyolans ak krim nan New York ak atravè rejyon an. Detay pou medya ki enterese nan kouvri reyinyon an ap pibliye byento.

"Nou gen yon obligasyon moral pou fè tout sa nou kapab pou konbat fleyo zam ilegal nan lari nou yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Twòp lavi te pèdi akòz zam afe ilegal ki pa te dwe janm twouve yo nan lari nou yo. Nan reyini responsab lapolis yo atravè rejyon an, nou kapab pataje ransèyman ak estrateji ki anpeche sikilasyon zam ilegal yo ak kenbe Nouyòkè yo an sekirite".

Gouvènè Adjwen an, Brian Benjamin, te deklare, "Retire zam yo nan lari nou yo se obligasyon moral ki pi enpòtan nan epòk nou an. Gouvènè Kathy Hochul ak mwen menm ap pran mezi serye pou mete fen nan vyolans ak zam nan eta nou an, kòmans nan sispann sikilasyon zam nan New York pa mwayen Iron Pipeline. Abòde kriz sante piblik ki se epidemi vyolans ak zam pral egziye pi gwo travay an ekip ant Eta a, lokalite nou yo, gouvènman federal la ak gwoup kominotè nou yo. Gouvènè a ak mwen menm pare pou travay an kolaborasyon avèk tout pati yo pou pote yon fen ki sèten ak rapid nan vyolans ak laperèz k ap toumante Nouyòkè yo ak fanmi yo".

Fòs Entèvansyon Entè-Eta sou Zam Ilegal yo, te premye anonse pandan diskou sou Eta Leta a an 2022 Gouvènè Hochul la, pral rankontre nan 26 janvyè nan Sant Ransèyman Eta New York (New York State Intelligence Center, NYSIC) nan Lès

Greenbush. Se dènye efò konjwen pou pote yon apwòch inifye bò kote lidè Eta ak Vil yo, sa gen ladan Gouvènè Hochul, Gouvènè Adjwen Benjamin ak Majistra Adams, sou pwoblèm esansyèl sekirite piblik la. Ajenda a pral gen ladan regwoupman enfòmasyon ki pataje ak sant analiz krim yo, ansanm ak fason pou pataje ransèyman, zouti deteksyon, estrateji ak taktik nan jiridiksyon yo pandan n ap fè patenarya avèk pwokirè yo ak ajans lapolis yo nan chak rejyon.

Reprezantan Lapolis Eta New York, Depatman Lapolis Vil New York (NYPD), Biwo sou Alkòl, Tabak ak Zam afe (Bureau of Alcohol Tobacco and Firearms, ATF) federal la ak ajans lapolis yo nan New York, Rhode Island, Connecticut, Vermont, Ohio, Massachusetts, Pennsylvania, New Jersey ak New Hampshire, pral rasanble nan premye reyinyon Fòs Entèvansyon an pou kowòdone aksyon dirèk ki pral ede sispann sikilasyon zam ak anpeche plis vyolans ak zam.

Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2023 Gouvènè Hochul la envesti nan sekirite piblik ak efò pou bese enpak devastatè vyolans ak zam yo. Gouvènè Hochul te pwopoze apeprè 9 milyon dola nan finansman pou Lapolis Eta New York anboche nouvo moun, analis deteksyon krim ak zam, analis rezo sosyal ak ekspè nan krim enfòmatak. Gouvènè Hochul te pwomèt tou apeprè 4 milyon dola pou envesti nan ekipman ak lojisyèl pou yon inite krim enfòmatak ak sibè-kriminalite nan Lapolis Eta a.

Done yo deja montre fason ke trafik zam ant eta yo lakòz konfli ak pwoblèm nan New York. Dapre Baz Done Sekirize (Clearinghouse) sou Zam Kriminèl Lapolis Eta New York la, yon total 1,074 zam ilegal te rekipere ane pase. Estatistik preliminè ki soti nan NYPD yo montre yon total 4,473 zam ilegal te detekte apati sous andeyò Eta a, kote pifò soti nan zòn sid eta yo tankou Georgia, South Carolina ak Florida.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)